

Vaksinasyon kont zona

Zona se yon maladi ki kapab frape moun ki te deja genyen varisèl yo. Li fè maleng ki fè mal anpil pete sou po a.

Yo rekòmande vaksen an epi li gratis pou moun ki gen 71 lane e plis yo.

Moun ki gen ant 50 ak 70 lane yo kapab pran vaksen an, men fòk yo peye yon frè.

Poukisa pou pran vaksen?

- Vaksen an diminye risk pou devlope zona a.
- Vaksen an bay 10 lane pwoteksyon pou pi piti. Fòk ou pran de dòz nan vaksen an.
- Si w trape zona, men ou te pran vaksen an, doulè ap fè mwens tan.
- Pi bon fason pou pwoteje tèt ou kont zona se lè w pran vaksen.

Fason pou pran yon randevou pou pran vaksen



clicsante.ca

1-877-644-4545



Èske w gen kesyon sou vaksen an?

Asire w pale ak famasyon w lan, doktè oswa lòt pwofesyonèl swen sante w la.

Pou w pale avèk yon enfimyè, tanpri rele Info-Santé nan 811, epi chwazi opsyon 1.

**Centre intégré
universitaire de santé
et de services sociaux
du Centre-Sud-
de-l'Île-de-Montréal**

Québec

